

ALE EPI ENSEYE

PROGRAM POU ENSEYE A GEN YON SÈL BI ----- se ede moun yo, pou yo pratike komandman Kris la.

"Ale, fè pou mwen anpil disip, nan tout nasyon batise yo, nan non Papa, Pitit la, ak Sentespri a, epi montre yo kijan pou yo respekte tout sa mwen te bay nou lòd fè yo."

Nan trentwa leson ki nan liv la, nap jwenn yo nan sa ki ekri anba a.

YON GID POU ENSEYE

Nan fèy sa nap jwenn tout sa kap pèmèt nou esplike leson an. Sitou pou moun yo kap fè kou a. Nap jwenn nan chak leson : yon rezime ak yon istwa ki nan Bib la ki pou ede nou nan prezantasyon leson an. Pasaje Biblik ki itilize nan leson yo gentan tou esplike. Nap jwenn tou yon priye pou komanse chak leson.

YON FÈY KI GENYEN KESYON EPI REPONS POU MOUN KAP ETIDYE A.

Fèy sa se mèt kose a. Wap reponn yon seri de kesyon fasil, sou leson an pandan wap baze sou referans ki nan bib la.

Pati sa dwe tradui si elèv la itilize yon lòt lang ki pa lang Peyi a, epi bay examp pou chak elèv ki nan klas la, kapab byen konprann.

YON FÈY POU TRAVAY

Nan fèy sa wap jwenn plizye egzèsis facil tankou (vrè ou fo, chwazi sou plizyè fòm, referans ki nan Bib la etc) kap pèmèt nou revize menm nan leson an, li gen tou, kèk pasaj nan Ekriti oubyen ti katechis Marthin Luther te ekri pou nou kapab aprann pa kè.


Travay sa fèt tankou yon travay anplis pou moun ki kapab fè lekti Fransé. Nou ka itilize sa tou, pou nou fè etid sa ak moun ki ap viv lwen yo.

ALE EPI ENSEYE

Leson 1.....	Bondye nou pa konnen an
Leson 2.....	Pawòl Bondye a
Leson 3.....	Sèl vré Bondye a
Leson 4.....	Mond lan ak moun
Leson 5.....	Kijan moun te tombe nan peche
Leson 6.....	Loi yo ak Levanjil la
Leson 7.....	Premye Komandman an
Leson 8.....	Dezyèm Komandman an
Leson 9.....	Twazyèm Komandman an
Leson 10.....	Katryèm Komandman an
Leson 11.....	Senkyèm Komandman an
Leson 12.....	Sizyèm Komandman an
Leson 13.....	Setyèm Komandman an
Leson 14.....	Uityèm Komandman an
Leson 15.....	Nevyèm ak Dizyèm Komandman an
Leson 16.....	Pou fini ak Komandman yo
Leson 17.....	Bondye voye Sovè a
Leson 18.....	Bondye epi moun alafwa
Leson 19.....	Bondye sove nou avèk San li
Leson 20.....	Jezi leve byen vivan
Leson 21.....	Sentespri a desann
Leson 22.....	Sentespri a fè nou vinn Sen
Leson 23.....	Legliz Kreyen yo ki Sen
Leson 24.....	Legliz jan nou we l la
Leson 25.....	Lanati ak itilizasyon Batèm nan
Leson 26.....	Avantaj epi sans Batèm
Leson 27.....	Sakreman Ko ak San Kris la
Leson 28.....	Favè nou jwenn nan Sent Sen
Leson 29.....	Ki kote Lapriyè soti
Leson 30.....	Kisa nou jwenn nan Lapriyè
Leson 31.....	Pouvwa kle yo genyen
Leson 32.....	Fason pou itilize pouvwa kle yo
Leson 33.....	Denye evènman yo

Leson 1 BONDYE NOU PA KONNEN AN

Priyè : O Bondye, ou se mèt nou, ede nou pou nou konnen ou, kòm sèl vrè Bondye a. Ede nou pou nou konnen tèt nou epi ak feblès nou. Gide nou avek Lespri ou. Montre nou verite ou a epi èd ou bay nou nan sovè nou an, ki se Jezikri. Pou nou kapab viv avek ou depi jodia ak pou toutan. Amèn.



Leson: Apot Pòl se te yon mesaj Bondye. Pol te konnen vrè Bondye a. Bondye te manifeste prezans li nan Pòl a travè pawol sent li. Pòl te voyaje nan anpil Peyi pou l te kapab pale moun yo de vrè Bondye a.

Pandan Pòl te nan yonn nan voyaje li yo, li te rive nan yon vil yo te rele vil Atèn. Moun vil Atèn yo se te moun fòme yo te ye. Yo te renmen relijyon anpil. Yo te kwe nan plizye lòt Bondye. Yo te bati plizye lotèl ak Legliz pou Bondye yo. Sou yonn nan lotèl sa yo, Pol te wè mo sa yo ekri: **POU BONDYE NOU PA KONNEN.** Pol te proche bò lotèl sa epi li te komanse preche moun vil Atèn yo. Li te preche yo de menm Bondye yo pa konnen an. Li te di yo ke Bondye yo pa konnen an se li menm ki vrè Bondye a. Se menm Bondye sa, ki kreye tout bagay epi ki bay lavi pou tout moun. Bondye sa, ta renmen pou tout moun jwenn lavi etènèl. Li ta vle pou tout moun al viv avèk li pou toutan. Se poutèt sa, Bondye voye yon sovè nan lemond. Sovè sa genyen viktwa sou peche ak sou lanmò pou tout moun. Sovè sa, ap retounen pou li jije moun tout nasyon. Bondye vle pou tout moun kite peche, kwè nan sovè a pou yo kapab al viv avèk li nan syèl la.

Nou menn tou, nou se mesaje vrè Bondye a. Bondye bay nou Labib ki pale nou de Sovè a, ki se Jezikri. Chak fwa nou reyini nou deside bay laverite sou Sovè-Bondye (Travay 17 :16-34).

Anpil moun kwè genyen yon Bondye. Yo wè sa, selon jan yo santi yo alèz nan lanati a. Lè nou wè yon kay, nou konnen kay sa pa konstwi pou ko l. Genyen yon moun kanmenn ki konstwi l. Lè kèk moun ap gade lemond avèk mòn yo, pye bwa yo, epi rivyè yo, yo konnen tre byen bagay sa yo pa fèt pou kò yo. Li genyen yon moun ki genyen plis pouvwa, se Bondye ki kreye tout bagay (Ebre 4:3). Nan syèl la ak tout kantite zanj ki ladan l, ap rakonte genyen kanmenn yon Bondye ki genyen anpil pisans ak anpil sajes (Som 19:1).

Se poutèt sa Bib la pap eseye demontre nou genyen yon Bondye. Li tou sempleman dakò ak pawòl sa: genyen yon Bondye ki fè tout bagay. Sèl yon moun ipokrit ki pap dakò ak sa (Som 14:1). Nou genyen tou, yon vwa nan nou kap di nou genyen yon Bondye. Nou rele vwa sa konsyans. Konsyans nou, di nou sa pa bon pou nou fè bagay ki mal. Sa pa bon pou nou vòlò, ni fè manti, ni touye. Konsyans nou di nou si nou fè bagay sa yo, nap resevwa pinityon. Vwa sa, pale nou sou Lalwa Bondye ki ekri nan kè lòm. Poutèt peche vwa ki nan konsyans lan pa nominal. Epoutan, li toujou la (Women 2 :15), Memn andedan kè nou ki fè peche.

Menn si nati a, ak mond lan epi konsyans nou rakonte genyen yon Bondye. Bagay sa yo pa fè nou konnen kilès ki vrè Bondye a. Sa paret trè klè tout lot fo Bondye yo, oubyen zidòl yo payin yo ap adore. Gen lot ki fè imaj en bwa epi en roch. Gen lot menm, ki adore soley, lalin, zetwal epi yo menm adore bèt tou (Som 86:5). Greg yo, moun Pòl te vini lakay yo a, yo menm tou, yo pat fin asire sou kilès ki vrè Bondye a. Se poutèt sa, yo te kontwi yon lotèl "POU BONDYE YO PA KONNEN AN."

Pou kapab di laverite sou li, Bondye bay nou pawòl li nan Labib. Bondye pale nan bouch Moyiz (Exod 25 :1). Bondye mete pawol li nan bouch Pwofèt yo (Jeremy 1:9). "Se konsa Letènèl te pale" Se yon fraz nou kapab jwenn pou pi piti 10 mil fwa nan liv ansyen Testaman. Jezi pale pawol Bondye direkteman (Jan 17:17). Bondye te bay Ekriven nouvo Testaman yo pouvwa pou yo kapab pale sou non li.

POU FINI: Koulye a, ou konnen genyen yon Bondye. Ou wè sa a travè tout bèl bagay ki antoure ou. Konsyans ou di ou sa. Men bagay sa yo pa ka di ou, tout sa w ou dwe konnen sou vrè Bondye a, ki sove ou nan peche a. Bondye di nou pawol sa yo, nan Labib. Nou ta renmen konnen plis bagay toujou sou vrè Bondye a ki telman renmen nou, Li bay sèl grenn pitit li a pou li kapab sove nou nan peche.

BONDYE NOU PA KONNEN AN

1. Eske genyen anpil moun ki kwè genyen yon Bondye?

Som 14:1 **Moun fou yo di nan kè yo: Pa gen Bondye.**

Oui, anpil moun kwè genyen yon Bondye. Sèl moun fou yo ki pa kwè nan sa.

2. Koman nou fè konnen genyen yon Bondye?

Ebre 3 :4 **Chak kay gen yon moun ki bati li. Men se Bondye ki fè tout bagay.**

Som 19 :1 **Syèl la ak tè a, ap rakonte mèvyè Bondye.**

Nou wè mèvyè Bondye nan lanati, ak nan tout bagay Bondye kreye yo.

3. Ki vwa ki nan nou ki di nou genyen yon Bondye?

Women 2:15 **Konsyans yo fè yo konnen sa.**

Konsyans nou di nou genyen yon Bondye.

4. Lè nou gade mèvyè Bondye nan lanati a, eske nou kapab konnen kilès ki vrè Bondye a ?

Som 96 :5 **Bondye lòt nasyon yo pa anyen, se pòtre yo ye. Men, se Segnè a ki fè syèl la, ak latè a.**

Non, lanati pa ka fè nou konnen kilès ki vrè Bondye a.

5. Eske konsyans nou di nou kilès ki vrè Bondye a ?

Travay 17 :23 **Pandan map pronmennen nan lavil nou an, Mwen wè tout kote nou fè sèvis. Epi nan gade konsa, mwen jwenn Yon lotèl kote yo ekri : POU BONDYE NOU PA KONNEN.**

Non, konsyans nou pa di nou, kilès ki vrè Bondye a.

6. Kisa Bondye bay nou pou nou kapab di laverite sou li ?

Exod 25 :1 **Letenèl pale ak Moyiz. Li di : Pale ak moun peyi Izrayel.**

Jeremi 1 :9 **Aprè sa, Segnè a lonje men l li touche bouch mwen. Epi li di: men, mwen mete pawol mwen nan bouch ou.**

Jan 17 :17 **Fè yo vinn Sen gremesi verite a. Pawòl ou se verite.**

Bondye bay nou pawòl li, nan Labib.

Leson 1

BONDYE NOU PA KONNEN AN

BON KONPRANN NOU SOU ISTWA (Travay 17 :16-34)

Kotche repons ki bon nan chak fraz :

1. Pòl te vini nan yon vil te te rele Atèn. Jerizalèm
 Atèn
 Rom

2. Pòl te jwenn yon lotèl avèk mo sa yo ekri. POU BONDYE NOU PA KONNEN AN
 POU BONDYE AN TWA PESONN NAN

3. Moun vil Atèn yo te kwè pat gen Bondye.
 te genyen yon vrè Bondye.
 te gen anpil lot vrè Bondye.

METE LESON AN, AN PRATIK

Chwasi bon fraz yo :

1. Pa genyen moyen pou konnen si genyen yon Bondye.
2. Etwal yo di nou genyen yon Bondye.
3. Konsyans nou di nou genyen yon Bondye.
4. Nou kapab konnen vrè Bondye a memn si nou pa genyen Labib.
5. Bib la di nou kilès ki vrè Bondye a.

ETIDYE BIB LA

Pase yon trè anba vèsè bibliik nan leson an ki di, lot Bondye nou aprann konnen nan lanati a se pa vrè Bondye yo ye.

Som 14 :1

Som 19 :1

Som 96:5

Jan 17 :17


VESE POU NOU KONNEN

Jan 3:16

Paske Bondye tèlman renmen lèzòm li bay sèl grenn piti li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li pap pèdi. Okontrè, ya gen lavi ki pap janm fini an.

Leson 2 PAWOL BONDYE A

PRIYE : Ouvè zorèy nou ansanm ak kè nou, o Bondye pou nou kapab aprann pawòl ou. Enseye nou tou sa ki nan Sent Ekriti a, kap pèmet nou saj epi jwenn lavi etènèl la. Gide nou avèk Lespri ou pou nou kapab aksepte Jezikri kòm Sovè pèsonèl nou. Se pou pawòl ou tounen yon lamp nan pye nou epi yon limyè pou klere chemen nou, pou li kapab gide nou nan kay ki apa pou ou a. Amèn.



LESON: Filip se te yon premye misyonè pami kreyen yo. Bondye di Filip konsa: ale nan zòn Sid nan blok Jerizalèm. Filip te ale jan Bondye te di l la, menn kote a li te wè yon nonm Peyi Letyopi. Nonm Peyi Letyopi sa tap li yon liv: Se te liv Profèt Ezayi, yon profèt nan liv ansyen kontra. Filip te mande Etyopien an, "eske ou konprann sa wap li la ?" Etyopien an te reponn, "non, Mwen ta dwe jwenn yon moun ki pou edem." Filip te esplike nonm nan liv Ansyen Kontra sa. Li te montre l kòman yo te gentan anonse soufrans ak lanmò sovè a. Li te montre l tou kòman pawòl sa yo te rive akonpli nan travay Jezikri a. Etyopyen an te kwè nan tout sa Filip te di l sou Kris la, epi li te mande Filip pou batize li. Epi Filip te kontinye al few out li. Etyopyen an te kontan anpil paske Filip te esplike li verite kin an pawòl Bondye a (Travay 8 :26-40).

Bib la se pawòl Bondye. Pawòl sa se verite, nan ansyen kontra a. Nou te repete sa nan denye leson an kijan Bondye te pale ak Moyiz epi avèk Profèt yo nan ansyen kontra. Jezi te sètifye tout sa ki nan ansyen kontra se te pawòl Bondye. Moun yo ki ekri nouvo kontra te transmet menm pawòl Bondye a. Yo te komanse ekri apre Christ la te fin monte nan syèl. Tankou apot Pòl, te toujou di nou, tout pawòl li di, se pawòl Bondye menm yo ye (1 Tesalonisyen 2:13).

Se konsa nou kapab we Ansyen ak nouvo kontra, menm si se moun ki ekri yo, se pawòl Bondye menm yo ye. Pwofèt yo pa ekri sa yo te vle, okontrè se pawòl Bondye te dikte yo (2 Pye 1:21). Ansyen kontra genyen 39 liv ladan l; nouvo kontra limenm genyen 27 liv ladan l. Ansyen kontra te ekri an ebre lang pèp Bondye nan ansyen tan an. Nouvo kontra te ekri an grek, nan lang popilè pèp ki itilize nan tout peyi oksidental yo, yon ti tan apre epòk Kris la. Apre sa, nou vinn genyen tradiktyon Bib la, nan plis pase mil lang.

Men kijan bagay sa fè posib pou moun ekri yon liv epi yo di se pawòl Bondye li ye? Tout sa ki nan Bib la se inspirasyon yo ye (2 Timote 3:16). Inspire vle di "soufle sou." Bondye soufle sou pwofèt yo, panse ak pawòl yo dwe ekri nan Bib la. Nou kwè chak mo ki nan Bib la se verite, san erè (Jan 17:17). Pafwa gen moun kap pose tèt yo kesyon, poukisa legliz ki di yo se Legliz Kreyen yo pa anseye menm bagay. Se paske tout Legliz yo pa aksepte, chak mo ki ekri nan bib la tankou pawòl Bondye. Epitou, yo pa aksepte lot pati ki pa mache ak lide yo. Yo di: petèt Bib la kapab genyen pawòl Bondye ladan li. Men, yo pa di Bib **SE** pawòl Bondye.

Men, poukisa Bondye bay nou Labib? Epi, ki wòl liv sa? Eske se paske se yon liv ki fè kè kontan lè nap li, tankou liv istwa oubyen yon liv woman? Se yon liv ki kapab fè w gen bon konprann pou lavi etènèl ou, se te sa Pòl te ekri pou zanmi li Timote (2 Timote 3 :15). Li pap selman fè nou gen bon konprann pou bagay materyèl ki nan mond lan ; men, lap fè nou gen bon konprann pou lavi etènèl nou. Li di nou kijan nou kapab sove pou letan ak letènite si nou gen lafwa nan Jesikri, se sa, kap pèmèt nou al rete avèk li nan syèl la pou toutan. Se poutèt sa nou dwe fè tou sa Jezi di nou fè. Nou dwe li Bib nou pou nou kapab jwenn mesaj lavi Etènèl pou toutan gentan (Jan 5 :39).

POU FINI : Legliz Literyenn anseye direktteman sa ki nan Labib la. Nou pap jwenn bon konprann sa, nan sa lezòm ap anseye. Legliz la enseye selman verite ki nan pawòl bondye epi nan jan verite a fè yon sèl avèk sovè a, ki se Jezikri. Li vle pou ou kapab konnen fason bondye vle sove namn ou.

PAWOL BONDYE A

7. Kisa Labib la ye ?

Exod 5 :1 **Se konsa Letènèl, Bondye pèp Izrayel la te pale.**

1 Tesalinisyen 2 :13 **Nou te resevwa pawòl Bondye Lèm tap fè nou konnen li, nou te aksepte li non pa pou pawòl lezom ; men kòm pawòl Bondye.**

Bib la se pawòl Bondye.

8. Ki moun ki ekri Bib la ?

2 Pye 1:21 **Se Sentespri ki te envelope pwofet yo, lè yo tap bay mesaj ki soti nan Bondye.**

Se moun Bondye chwazi ki te ekri Bib la.

9. Kijan Bondye mete pawòl li nan bouch moun li chwazi yo ?

2 Timote 3 :13 **Tout sa ki ekri nan Bib la se pawòl ki soti nan Bondye yo ye.**

Bondye chwazi moun pou ekri Bib la, men se Sentespri a ki soufle sou yo sa yo dwe ekri.

10. Eske Bib la gen erè ladan li?

Jan 17:17 **(Jezi di) pawòl Bondye se verite.**

Non, chak mo ki nan Bib la, se verite. Donk Bib la pa gen erè.

11. Poukisa Bondye bay nou Labib?

2 Timote 3:15 **Depi ou te tou piti ou konnen sa ki nan Bib la : kap fe ou genyen bon konprann. Bon konprann pou fè moun rive delivre, poutèt konfyans yo genyen nan Jezikri.**

Bondye bay nou Labib pou fè nou konnen kijan nou kapab jwenn lagras pou lavi etènèl.

12. Kijan pou nou itilize Bib la?

Jan 5:39 **(Jezi di yo) Nap etidye Labib paske nou mete nan tèt nou, nou ka jwenn lavi ki pap janm fini an landan li. Men se liv sa men ki pale sou mwen an.**

Nou dwe etidye Labib toutan pou nou kapab jwenn mesaj delivrans pou lavi etènèl nou.

KONESANS NOU SOU ISTWA (Travay 8 :26-40)

Chwazi repons ki bon nan chak fraz :

1. Filip te rankontre yon moun peyi : () Etyopi () Erop () Amerik.

Leson 2

PAWOL BONDYE A

2. Moun Filip te rankontre a tap li nan : Nouvo Testaman.
 Liv Ezayi a.
 Liv Moyiz yo.
3. Lè Filip te esplike sa ki ekri nan liv la nomn nan te fache avèk Filip.
 Li te ale ak kè li sere.
 Li te kwe epi li te Batize.

METE LESON AN, AN PRATIK

Chwazi fraz ki bon yo.

1. Bib la genyen pawòl Bondye ladan li.
 2. Bib la se pawòl Bondye.
 3. Bib la genyen erè ladan li.
 4. Chak mo ki nan Bib la se verite.
 5. Nou dwe etidye Bib nou avèk swen.
 6. Nou pa dwe li Bib nou paske li twò difisil pou konprann.

ETIDYE BIB LA

Pase yon trè anba vèsè Biblik nan leson an ki di: Sentespri dikte Profèt yo sa yo dwe ekri.

2 Pye 1:21

Jan 17:17

2 Timote 3:15

SA NOU DWE KONNEN




Liv Ansyen Testaman yo (39)

Jenez	Wa (2)	Chante	Abdyas
Exod	Istwa (2)	—	Jonas
Levitik	Edras	Ezayi	Miche
Nombre	Neemi	Jeremi	Nahum
Deteronom	Ester	Lamantasyon Jeremi an	Habakuk
—	—	Ezekyel	Sofoni
Jozue	Job	Danyel	Age
Juj	Som	Oze	Zakari
Rut	Proveb	Joel	Malachi
Samyel (2)	Eklezias	Amos	

Lesson 3 SEL VRE BONDYE A

PRIYE :

Nou remesye ou, o Bondye paske ou fè nou konnen ou, nan pawòl ou. Bay nou lafwa timoun yo, pou nou kapab kwè nan ou sèl epi genyen konfyans nan tou sa ou di nou. Se pou nou fe lwanj ou toutan, sèl vrè Bondye : Papa, Pitit la avèk Lesprisen an. Amèn.



LESON : Sa gen anpil tan depi te genyen yon chèf ki te genyen anpil gwo pouvwa. Chef sa tap gouvènen sou anpil moun, anpil tè, avèk anpil bèt. Men, chèf sa te gen konsyans li ki pat trankil. Li te vle konnen plis bagay sou Bondye. Men, li te konnen yon moun ki te genyen anpil bon konprann. Yon jou li te mande moun bon konprann nan, "Kisa Bondye ya ye ?" Moun bon konprann nan pran yon ti tan epi li di: "Banm yon jou pou m reflechi apre sa map ba ou repons lan. Lè demen rive li di chèf la konsa, "bam de jou anplis epi map ba ou repons lan" Lè de jou yo fin pase moun bon konprann nan pontkò jwenn repons lan toujou. Lè sa a, li mande chèf la kat jou anplis pou li reflechi sou kesyon an. Bagay sa te dire anpil tan konsa chak fwa moun bon konprann nan te double kantite jou pou li reflechi, men, li pat janm te kapab jwenn repons pou kesyon an. Se konsa chèf la te vinn pèdi pasyans. Li di moun bon konprann nan : "Poukisa ou pa janm bam repons?" Moun bon konprann nan reponn, "Plis map pense sou kesyon an, se plis mwen pa kapab twouve repons pou kesyon sa. "Ki sa ki Bondye a ? Kisa Bondye ye ? Mwen pa konnen."

Tout moun bon konprann nan mond sa pat kapab rive jwenn repons sou kesyon sa. Sèl vrè repons lan nou kapab jwenn li nan Labib la. Kouste repons Bondye bay nou sou pròp tèt li, nan pawòl li.

Bib la di nou premyeman Bondye se Lespri (Jan 4 :24). Yon Lespri se yon bagay pròp a limenn ki pa genyen ni viann, ni zo (Lik 24 :39). Nou pa kapab wè yon Lespri. Pran examp sou kouran. Nou kapab we limye kouran pwodwi a. Men nou pa kapab wè bèl fòs sa kap kouri nan fil yo, pou kont yo. Bondye limenn li genyen pi gro pouvwa ak pisans pase tou sa nou pa kapab wè yo. Bondye se yon moun ki prop a limenn. "MWEN se sila ki toujou la," Se sa li te di Moyiz (Exod 3 :14).

Bib la di nou tou anpil lòt bagay sou Bondye. Li di nou Bondye la pou toutan (Som 90 :2). Li pa genyen komansman; Li pa genyen finisman. Eske nou kapab rive konprann bayay sa ? ... Bondye pap janm chanje (Malachi 3 :6). Li toujou menm jan, lè nou nan lajwa ak lè nou nan tray. ... Bondye genyen tout pouvwa (Jenèz 17 :1). Li se Bondye tou pisan an. Li kapab fè sa li di! ... Bondye konnen tout bagay (Jan 21 :17). Li konnen tou sa li dwe konnen sou nou, menm panse ki nan kè an nou. ... Bondye la toupatou (Jeremi 23 :24). Bondye rempli syèl la avèk tè a. Nou pa kapab sere Bondye. ... Bondye pur epi Li san tach (Levitik 19 :2). Tou sa ki pa bon pa kapab rete nan prezans Bondye. Fòk peche nou yo ta lave. ... Bondye fidèl (2 Timote 2 :13). Bondye kenbe pwomès li fe nan pawòl li. Nou kapab mete konfyans nou nan Li. ... Bondye genyen kè sansib (Som 145:9). Sa vle di Bondye fè gras pou moun ki merite gras Li. Bondye se lanmou. (1 Jan 4:8). Nan lanmou li pou nou, li bay sèl grenn Pitit li a pou nou.

Bondye sa fè nou konnen li nan Labib, kon yon Bondye en twa pèsòn. Trin vle di : "twa pou yonn." Bondye fè nou konnen li pou twa moun : Papa, Pitit la, avèk Lesprisen an (Matye 28 :19). Sentespri a se Bondye. Poutan pa genyen twa Bondye, li genyen sèlman yon sel Bondye (Detewonom 6 :4).

Li genyen yon istwa nan Bib la kote twa moun sa yo parèt ansanm. Sa te rive lè Christ la tap resevwa Baptèm (Matye 3 :13-17). Pandan yon vwa tap pale nan syèl la, Pitit la ki se Jezikri tap resevwa Baptèm li nan men Jan-Baptist. Sentespri a memn te parèt sou fòm yon pijon.

POU FINI : Nou pa kapab konprann kijan sa fè posib pou genyen twa moun, egal nan pisans epi nan la glwa. Men, sèlman yon Bondye. Epoutan Bondye pi gwo pase tout gwo save ki genyen nan mond lan. Epi se konsa li fè nou konnen li. Papa voye pitit li pou li vin sovè nou. Pitit la, lave peche nou yo lè li te aksepte soufri epi mouri. Sentespri a fè nou konnen tou sa Jezi fè pou nou. Kwè nan mesaj Bondye a. Konfyè nou nan pawòl sa, avèk tout kè nou, epi nap jwenn Sali Etènèl la!

Leson 3

SEL VRE BONDYE A

13. Kisa Bondye a ye ?

Jan 4 :24 **Bondye se Lespri.**

Lik 24 :39 **Yon Lespri pa genyen ni vyann, ni zo, jan nou wè mwen genyen an.**

Bondye se Lespri.

14. Kijan Bondye ye ?

Som 90 :2 **Depi toutan ak pou toutan se Bondye ou ye.**

Bondye la pou toutan.

Malachi 3 :6 **Mwen se sila, ki la pou toutan, mwen pap janm chanje.**

Bondye pap janm chanje.

Jenèz 17 :1 **Mwen se Bondye ki genyen tout pouvwa.**

Bondye genyen tout pouvwa.

Jan 21 :17 **Segnè, ou konnen tout bagay.**

Bondye konnen tout bagay.

Jeremi 23 :24 **Letènèl di: Eske mwen pa renpli syèl la ak latè a ?**

Bondye la toupatou.

Levitik 19 :2 **Mwen san tach, mwen menm Letènèl Bondye ou.**

Bondye sen epi san tach.

2 Timote 2:13 **Bondye ap toujou rete fidèl.**

Bondye se yon Bondye fidèl.

Som 145:9 **Segnè a bon pou tout moun san patipri. Li genyen pitye pou tout sa li fè.**

1 Jan 4 :8 **Bondye se renmen.**

Bondye genyen kè sansib.

15. Kilès ki sèl vrè Bondye a?

Detewonom 6 :4 **Letènèl, Bondye nou, se sèl Etènèl.**

Matye 28 :19 **Ale fè disip pou mwen nan tout nasyon. Batize yo nan non Papa a, Pitit la, ak Sentespri a.**

Sèl vrè Bondye a se sent Trinite. Ki vle di : (yon Bondye an twa moun --- Papa a, Pitit la, ak Lesprisen an).

Leson 3

SEL VRE BONDYE A

LI NAN MATYE 3 :13-17

Lè Christ tap Batize chak moun nan Syèl la te parèt nan jan pa yo. Pase yon trè anba moun ki nan (premye kolonn) nan, nan jan li te parèt nan (dezyèm kolonn nan).

Bondye Papa a	Moun Jan tap Batize a
Bondye Pitit la	Yon Pijon.
Bondye Lesprisen an	Yon vwa ki nan syèl la.

METE LESON AN, AN PRATIK

Tcheke fraz ki bon yo:

- () 1. Sèl vrè Bondye a fè konnen li sou fòm twa moun.
- () 2. Twa moun sa yo se twa Bondye yo ye.
- () 3. Twa moun sa yo genyen menm fòs ak menm pisans.
- () 4. Papa se te premye, Pitit la an dezyèm, epi Lesprisen an.
- () 5. Nou rele sèl vrè Bondye a Sent Trinite.

ETIDYE BIB LA

Vèsè sa yo ki nan Bib la di nou kèk bagay sou Bondye.

Som 90 :2	Jan 21: 17	2 Timote 2 :13
Malachi 3 :6	Jeremi 23:24	Som 145:9
Jenèz 17:1	Levitik 19:2	1 Jan 4:8

Kilès nan vèsè sa yo:

Ki di nou : Bondye konnen tout pense nou yo? _____

Ki di nou : Bondye prezan toupatou ? _____

BAGAY NOU DWE KONNEN

Liv Nouvo Testaman yo (27)

Matye	Women	Tesalonisyen (2)	Pye (2)
Mak	Korent (2)	Timote (2)	Jan (3)
Lik	Galate	Tit	Jid
Jan	Efezyen	Filemon	—
—	Filipyen	Ebre	Apokalips
Travay	Kolosyen	Jak	